

19 oktòb 2021

Chè fanmi,

Nou deja lwen nan dezyèm mwa nou depi nou retounen nan lekòl yo, epi mwen kontan anpil nou te kapab retounen an fòs pandan n ap kenbe kominote lekòl nou an ansante avèk minimòm deranjman. Grasa pwotokòl sante ak sekirite ki gen plizyè kouch nou an, lekòl nou yo kontinye rete kote ki pi ansekirite nan Vil Nouyòk.

Oumenm, fanmi nou yo, merite anpil kredi tou dèske nou fè sa nou gen pou fè pou pwoteje kominote lekòl nou yo: tcheke tanperati pitit ou chak maten, ankouraje pratik ki an sekirite tankou distans fizik ak lave men, epi asire ke yo mete mask yo avan yo ale lekòl. Mèsi anpil dèske ou se patnè nou nan bay sante ak sekirite priyorite, epi kontinye fè bon travay la!

Youn nan fason trè enpòtan pou nou kenbe lekòl nou yo ansekirite se fè tès oaza chak semèn pou elèv (klas 1ye ane ak pi wo) ki pa pran vaksen kont COVID-19 la. Tip tès regilye sa a nou fè pou suiv pwopagasyon nan kominote a, pi efikas lè nou ka fè tès pou plis elèv posib; men pou nou fè sa nou bezwen ou bay yon fòm konsantman si ou poko fè sa. Nou remèsye fanmi ki deja bay konsantman yo.

Ou ka ranpli fòm konsantman tès la avèk kont NYC Schools (NYCSA) ou: [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc.gov) oswa download fòm lan sou entènèt nan [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting) epi pote fòm lan nan lekòl ou a lè w fin ranpli li. Tès la san danje, li rapid, epi li fasil. Nou ankouraje w bay konsantman sa a pou ede kenbe pitit ou a ak kominote lekòl nou yo an sekirite. Ou ka aprann plis sou pwogram tès COVID-19 nan lekòl la epi gade yon videyo ki montre sa pitit ou ka atann nan [schools.nyc.gov/covidtesting](https://schools.nyc.gov/covidtesting).

Si ou gen yon timoun ki gen laj 12 ane oswa plis, lòt gwo etap ou ka fè pou sante yo se fè yo pran vaksen an si ou poko fè sa. Vaksen yo ap jwe yon gwo wòl nan diminye pousantaj enfeksyon nan tout vil la, epi yo san danje, gratis, epi yo disponib kèlkeswa kondisyon imigrasyon w. Mwen ankouraje w pou w chèche yon lokal ki tou pre kote pitit ou a ka resevwa vaksen Pfizer-BioNTech yo apwouve a lè ou ale nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele 877-VAX-4-NYC (877-829-4692). Si pitit ou deja pran vaksen an, tanpri mete (upload) enfòmasyon sa yo nan Portal Vaksinasyon Covid-19 DOE a nan [vaccine.schools.nyc](https://vaccine.schools.nyc).

Grasa kolaborasyon ou, nou reouvri lekòl totalman san danje. Plis fanmi ki bay konsantman pou tès COVID-19 nan lekòl yo epi ki fè pitit yo ki elijib pran vaksen an, pi gwo pwogrè nou ka kontinye fè nan pwoteje tout moun nan tout vil nou an ak nan lekòl nou yo.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk